



Department
of Health

Department of
Environmental Conservation

Kesyon moun poze souvan: Kontaminasyon nan Vil Newburgh PFOS *Oktòb 2016*

Kisa PFOS ye?

Asid Pèfliyowo-okatnesilfonik (Perfluorooctanesulfonic acid, PFOS) se yon sibstans chimik yo fè nan Etazini apeprè nan ane 1949 jouk lè faz li te kòmanse nan apeprè ane 2000. PFOS se te engredyan kle nan Scotchgard®, yon pwotektè twal yo fè nan 3M fè, ak anpil repousan tach pou rad, kui, ak kapèt. Yo te itilize PFOS nan pye, lasi, siraj, penti, vèni, ak pwodui netwayaj. Answit, PFOS te yon engredyan kle nan mous ekstenktè.

Kisa sous kontaminasyon PFOS ye nan Newburgh?

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York te idantifye Stewart Air National Guard Base kòm yon sous kontaminasyon PFOS yo detekte nan zòn nan ak rezèv dlo potab piblik Vil Newburgh. DEC endike baz la kòm yon espas Fon Rezèv leta epi yo pral itilize tout otorite legal yo pou asire yon netwayaj espas la byen vit. Yo te itilize mous ekstenktè ki gen PFOS nan espas pou repons annijans ak egzèsis antrènman. Leta ap kontinye mennen ankèt nan lòt zòn ki toupre pwopriyete Stewart pou detèmine si gen nenpòt lòt sous kontaminasyon PFOS ki enpòtan.

Èske dlo Vil Newburgh bon pou bwè?

Wi, rezèv dlo piblik Vil la se yon dlo ki pwòp ak akseptab pou tout itilizasyon, tankou pou bwè, pou kwit manje, ak pou benyen. Lè leta te konfime gen PFOS nan dlo potab Vil la, leta te fè tranzisyon rezèv dlo Vil la nan yon lòt rezèv dlo pwòp ki tele Brown's Pond nan kòmansman mwa me epitou nan Catskill Aqueduct nan kòmansman mwa jwen.

Kijan leta te dekouvri prezans PFOS nan dlo potab la?

Yo te fèk detekte ak rapòte kontaminasyon an ba Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini nan ane 2014 nan Règ Siveyans Kontaminan ki pa sou Kontwòl (Unregulated Contaminant Monitoring Rule, UCMR) EPA ki egzije gwo rezèv dlo pou teste pou chwazi kontaminan ki pa sou kontwòl yo. Ant mwa desanm 2013 ak mwa oktòb 2014, Minisipalite Vil la te pran kat echantiyon ki te gen deteksyon PFOS ki kòmanse ant 140 ak 170 ppt epi yo te rapòte rezilta sa yo ba EPA ak piblik la nan Rapò Anyèl Kalite Dlo a.

Lè Ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo (Water Quality Rapid Response Team) Gouvènè Cuomo te kòmanse travay nan mwa fevriye 2016, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te revize done EPA yo pou yo te kapab idantifye menas posib yo nan kalite dlo potab la toupatou nan eta a. Menmsi tout echantiyon yo rapòte ba EPA te anba nivo 200 ppt avi sanite EPA pou dlo potab pou PFOS ki te anplas nan moman an, leta te angaje Minisipalite Vil la epi yo te pran kèk echantiyon nan sistèm dlo Newburgh pou konfime prezans PFOS nan mwa mas 2016. Nan mwa me 2016, EPA te fikse nouvo nivo avi sanite a pou mete li a 70 ppt.

Kisa avi sanitè U.S. EPA vle di?

Nan mwa me 2016, U.S. EPA te fikse yon nivo avi sanitè 70 pòsyon pou chak trilyon (ppt) pou PFOS ak asid pèfliyowò-oktanoyik chimik (chemical perfluorooctanoic acid, PFOA) ki bay yon maj pwoteksyon kont efè sou sante lè yon moun ekspoze pandan lavi li nan sibstans chimik yo ki nan dlo potab la. Jiska mwa me, EPA te fikse nivo avi sanitè pwovizwa yo a 200 ppt pou PFOS epi a 400 ppt pou PFOA.

Diferans ant nivo avi sanitè a ak nivo ki ta ka lakòz efè sou sante rele “margin of protection” (“maj pwoteksyon”). Nivo avi sanitè yo pa “bright lines” (“liy ki klè”) ant konsantrasyon kontaminan ki ta ka lakòz efè sou sante ak sa ki pa ta lakòz, men yo se nivo kote EPA rekòmande po sistèm dlo piblik yo pran mezi pou redui fason moun ekspoze nan PFOA ak PFOS nan rezèv dlo potab la.

Jan nou eksplike sa nan Fich Done Me 2016 EPA: “Avi sanitè EPA yo baze sou pi bon etid moun ki gen menm espesyalizasyon revize sou efè PFOA ak PFOS sou bèt nan laboratwa (rat ak sourit) epi yo te jwenn enfòmasyon nan etid epidemyoloji yo ki te fèt sou popilasyon imen ki te ekspoze nan PFAS. Etid sa yo endike lè yon moun ekspoze nan PFOA ak PFOS nan sèten nivo, sa ka lakòz efè negatif sou sante moun nan, tankou efè sou devlopman pou tibebe ki poko fèt pandan gwosès la oswa sou tibebe ki nan tete (pa egzanp, tibebe yo ka fèt avèk yon ti gwosè, pibète akselere, varyasyon nan eskèlèt), kansè (pa egzanp, testikil, ren), efè sou fwa (pa egzanp, domaj nan tisi), efè iminitè (pa egzanp, pwodiksyon antikò ak iminitè), efè tiwoyid ak lòt efè (pa egzanp, chanjman nan nivo kolestewòl)”.

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb: <https://www.epa.gov/ground-water-and-drinking-water/drinking-water-health-advisories-pfoa-and-pfos>

Kisa leta ap fè pou asire dlo potab la pwòp pou moun k ap viv nan Vil Newburgh?

Leta avanse yon repons jeneral ak serye pou kontaminasyon PFOS nan zòn Newburgh. Jiska prezan, leta:

- Te travay rapidman avèk Minisipalite Vil pou fè tranzisyon rezidan yo nan yon lòt rezèv dlo potab pwòp ki rele Brown’s Pond nan kòmansman mwa me pi nan Catskill Aqueduct nan kòmansman mwa jwen;
- Te angaje pou finanse tout peman dlo Catskill Aqueduct epi leta te bay premye peman \$2.4 milyon dola nan Vil la nan mwa septanm;
- Te angaje pou finanse epi yo te kòmanse konstwi sistèm Chabon Aktif Granilè (Granular Activated Carbon, GAC) nan izin tretman dlo Vil Newburgh pou retire PFOS nan dlo Lake Washington. Travay sa a pral fini anvan sezon lotòn 2017.
- Te angaje pou finanse epi yo te kòmanse konstwi modènizasyon nan koneksyon Catskill Aqueduct nan lòt estasyon ponp sous dlo Vil Newburgh. Travay sa a pral fini anvan sezon livè 2016/2017;
- Te fè yon ankèt jeneral nan espas la, sa ki te idantifye Stewart Air National Guard Base kòm sous kontaminasyon PFOS posib nan zòn nan akòz itilizasyon mous ekstenktè ki gen PFOS.
- Te endike Stewart Air National Guard Base kòm yon espas Superfund leta nan mwa out pou fè Depatman Defans Etazini (U.S. Department of Defense) pran responsablite pou tout netwayaj espas la;
- Te lanse yon pwojè k ap kontinye nan echantyon pui prive nan Lake Washington toupre limit Ti Vil New Windsor/Ti Vil Newburgh.
- Te fè yon efò pou bese nivo dlo a nan Lake Washington—lè yo te ponpe, filtre, ak dechaje dlo pwòp la nan liy pataj dlo yo—pou yo kapab asire entegrite baraj la;

- Te lanse yon pwogram echantiyonaj pwason pou pi byen konprann degre kontaminasyon an nan liy pataj dlo a; epi
- Te kòmanse yon evalyasyon dlo sous ki ajou a pou liy pataj dlo yo.

Èske gen yon pwogram pou testes san pou moun ki nan zòn Newburgh?

Wi, Department of Health (DOH) leta te lanse yon pwogram kontwòl byolojik jeneral pou tout moun ki entere epi k ap viv nan zòn Newburgh k ap sèvi kòm yon modèl nasyonal pou yo konprann kijan yo ekspoze nan PFOS. DOH ap travay anpil avèk Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (U.S. Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans pou Rejis Sibstans Toksik ak Maladi (Agency for Toxic Substances and Disease Registry, ATSDR), gwoup kominotè Newburgh, ak ofisyèl lokal ki pase nan eleksyon pou devlope pwogram nan epi pou asire patisipasyon yo. Si ou entere jwenn plis enfòmasyon oswa si ou entere fè teste san ou, tanpri voye yon imèl na beoe@health.ny.gov, rele nimewo 518-402-7950 pandan lè biwo louvri, oswa rele Liy Dirèk Kalite Dlo (Water Quality Hotline) nan nimewo 1-800-801-8092.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou sèten kesyon sou tès san an

Imèl: beoe@health.ny.gov, telefòn: 518-402-7950 (Lendi - Vandredi: 8:30 am - 4:30 pm)

Pou sèten kesyon sou posib efè sou sante lè ou ekspoze nan PFOS

Imèl: btsa@health.ny.gov, telefòn: 518-402-7800 (Lendi - Vandredi: 8:30 am - 4:30 pm)

Pou sèten kesyon sou rezèv dlo piblik

Imèl: bpwsp@health.ny.gov, telefòn: 518-402-7650 (Lendi - Vandredi: 8:30 am - 4:30 pm)

Pou sèten kesyon sou pui prive

Imèl: beei@health.ny.gov, telefòn: 518-402-7880 (Lendi - Vandredi: 8:30 am - 4:30 pm)

Water Quality Hotline: 800-801-8092

(Lendi - Vandredi: 9 am - 8 pm; Samdi: 9 am - 3 pm)

Si ou konnen gen kontaminasyon, tanpri rapòte sa nan liy dirèk DEC nan nimewo 1-800-457-7362.